



**PWOSÈ VÈBAL OFISYÈL ENTÈVYOU FINAL NAN KOMITE LEKÒL BOSTON:  
MARY SKIPPER**

**23 Jen 2022**

Komite Lekòl Boston an te fè yon reyinyon an pèsòn ki te retransmèt an dirèk sou Zoom ak Boston City TV nan dat 23 jen 2022 a 5:30 p.m. nan Chanm Komite Lekòl Bruce C. Batiman minisipal Bolling, 2300 Washington Street, Roxbury, MA 02119. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan atik yo ki nan lis anba a, vizite [www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee](http://www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee), imèl [feedback@bostonpublicschools.org](mailto:feedback@bostonpublicschools.org) oswa rele Biwo Komite Lekòl Boston nan (617) 635-9014.

**ASISTANS**

Manm Komite Lekòl la ki te prezan: Prezidan Jeri Robinson; Vis Prezidan Michael D. O'Neill; Stephen Alkins; Lorena Lopera; Rafaela Polanco Garcia; ak Quoc Tran.

Manm Komite Lekòl ki te Absan yo se: Brandon Cardet-Hernandez; ak Reprezantan Elèv Xyra Mercer.

**DOKIMAN YO PREZANTE**

Okenn.

**APÈL POU KÒMANSE**

Prezidan Jeri Robinson te ouvri sesyon reyinyon an yon fason pou kondwi sèman fidelite a. Li te fè konnen sèvis entèpretasyon similtan an dirèk disponib nan nèf lang prensipal BPS yo.

Madam Robinson te eksplike, komite rechèch siveyan an gen responsablite pou l fè yon rechèch apwofondi pou pwochen lidè Lekòl Piblik Boston yo. Nan kòmansman mwa mas, yo te kòmanse òganize yon seri sesyon odyans piblik ak reyinyon pou moun ki gen enterè nan kominote a. Kòmantè elèv yo, fanmi, edikatè ak lòt patnè kominotè yo te entegre nan deskripsyon pòs pou siveyan an epi yo te sèvi kòm baz pou kesyon entèvyou manm Komite rechèch la. Kòmans ak 34 kandida, komite rechèch la diminye gwoup la a 8 kandida pandan tout mwa me ak jen, epi li fè plizyè seri entèvyou ak kandida yo. Nan dat 17 jen, komite rechèch la te fè deliberasyon final yo epi li te vote pou chwazi yon gwoup finalis pou konsiderasyon komite lekòl la. Depi lè sa te gen de kandida ki te soti nan pwosesis la anvan yo kòmanse entèvyou piblik yo. De dènye kandida yo se: Mary Skipper, siveyan Lekòl Somerville ak Doktè

*Entèvyou Final Komite Lekòl Boston Pou Pòs Siveyan: Mari Skipper*

*Bruce C. Batiman Minisipal Bolling*

*23 Jen 2022*

Tommy Welch, siveyan lekòl Rejyonal 1 nan Boston Public Schools. Yo pral fè entèvyou ak Doktè Welch demen.

## REZIME ENTÈVYOU A

Madam Skipper te fè yon deklarasyon nan ouvèti a, li te rakonte wòl enpòtan edikasyon te jwe nan premye ane li te grandi kòm pitit yon manman selibatè. Li te travay antanke yon pwofesè BPS, direktè fondasyon TechBoston Academy ak siveyan rezo lekòl segondè BPS anvan li te sèvi kòm Siveyan lekòl Somerville depi 2015 jiska prezan. Li te mete aksan sou angajman l nan kowalisyon ak fòmasyon ekip la, li konsantre sou elèv yo ak bati yon vizyon pou BPS.

Doktè Alkins te mande Madam Skipper ki estrateji espesifik li te itilize pou amelyore rezilta elèv nwa yo, ki rezilta ak mezi li te itilize e ki jan li te abòde rasis sistemik. Madam Skipper te pale sou enpòtans pratik divèsite nan anbochaj ak itilizasyon done pou kreye pwogram ki vize. Li te raple eksperyans li nan Somerville pou redwi idantifikasyon depase ti gason nwa ak ti gason po klè yo nan anviwònman edikasyon ki separe.

Remake lang yo plis pale nan BPS apre anglè se espanyòl, Madam Lopera te poze kesyon l an anglè ak espanyòl. Li te mande Mesye Skipper kijan li te kreye patenarya pozitif ak elèv, fanmi ak manm kominote a ki pale lòt lang ki pa anglè. Madam Skipper te pale de eksperyans li nan Somerville pou anboche anplwaye bileng pou sèvi fanmi ki pale yon lòt lang ki pa anglè, pou kreye yon sèl sistèm enskripsyon, epi ogmante sipò pou elèv k ap aprann Lang Anglè (ELL).

Madam Lopera mande Madam Skipper si li angaje l pou l asire gen aksè nan lang natif natal pou elèv k ap aprann plizyè lang ak elèv andikape k ap aprann plizyè lang paske se politik ofisyèl BPS. Madam Skipper te afime angajman li pou ansèyman lang natif natal epi li te dekre eksperyans li nan Somerville ki agrandi aksè de lang e kreye yon nouvo akademi.

Madam Polanco Garcia te poze Madam Skipper kesyon sou filozofi li ak sou angajman l pran pou l bay aksè ansèyman e alfabetizasyon nan lang natif natal. Madam Skipper te di byenke li pa gen eksperyans dirèk nan domèn sa a, li ta renmen sipòte volonte kominote a.

Mesye Tran te mande Madam Skipper pou definisyon li sou ekite a. Madam Skipper te pale sou ekite tankou bay elèv yo sa yo bezwen atravè finansman, politik ak pratik. Li te dekre eksperyans li nan Somerville sou fason l elimine baryè pou elèv minoritè yo. Li te di li enpòtan pou gen yon konpreyansyon inifòm sou ekite yon fason pou pran desizyon yo.

Madam Robinson li yon kesyon sou non Mesye Cardet-Hernandez pou mande Madam Skipper pou l bay prèv sou travay li nan refòm edikasyon espesyal ak jistis pou moun ki andikape. Madam Skipper te pale sou eksperyans li nan Somerville pou sipòte elèv ki gen otis ak ELL ki andikape epi pou l fè patenarya ak kominote a.

Madam Robinson li yon kesyon nan non reprezantan etidyan Xyra Mercer pou mande Madam Skipper panse l sou elèv ki jwe yon wòl kle nan edikasyon yo epi mande konbyen fwa li ta renmen reyini ak lidè komite elèv yo. Madam Skipper te di li ta renmen reyini ak elèv yo souvan epi li te pale sou enpòtans pou koute vwa elèv natif natal yo.

*Entèvyou Final Komite Lekòl Boston Pou Pòs Siveyan: Mari Skipper*

*Bruce C. Batiman Minisipal Bolling*

*23 Jen 2022*

Mesye O'Neill te mande Madam Skipper pou l dekri apwòch li nan jesyon fiskal la, pou l investi fon Sekou pou Ijans nan Lekòl Elemantè ak Segondè (ESSER) e pou jenere finansman prive. Madam Skipper te di yon bidjè se yon deklarasyon ki gen valè. Antanke Siveyan Somerville, li te investi lajan ESSER nan sipò emosyon sosyal, akademik, entèvansyon, sèvis konpansasyon edikasyon espesyal ak nouvo pwogram pou elèv k ap aprann Anglè. Madam Skipper te pale sou eksperyans li kote l motive patnè l yo pou wè kote ki gen twou vid yon fason pou satisfè bezwen elèv yo.

Madam Robinson te poze Madam Skipper kesyon sou ki jan li t ap pozisyone l pou l travay ak Biwo Opportunity Gaps pou ka gen yon enpak maksimòm nan apwofondi konsyans anti-rasis ak fèmèn opòtinite ak reyalizasyon pou popilasyon elèv ki pi majinalize yo - sa gen ladan elèv ki gen koulè, elèv k ap aprann lang anglè, elèv ki gen andikap ak elèv ki soti nan orijin sosyo-ekonomik ki ba ak egzanp sou siksè ki demontre rediksyon twou vid ki genyen yo. Madam Skipper te di fèmèn opòtinite ak siksè pa kapab travay yon sèl biwo. Li te di li t ap konstwi yon ekip entèsektoryèl pou fèmèn twou vid ki genyen.

Doktè Alkins te mande Madam Skipper ki jan li t ap elaji patenarya BPS pou opòtinite edikasyon STEM ak òganizasyon ki san objektif likratif ak kòporasyon yo epi amelyore aksè nan chemen karyè edikasyon STEM, konsantre sou lekòl yo ak demografik ki souvan gen pou wè ak minorite yo. Madam Skipper te pale sou siksè li genyen nan agrandi opòtinite edikasyon STEM nan Somerville e antanke lidè lekòl nan TechBoston Academy nan BPS. Doktè Alkins te mande ki jan l t ap evalye e ranfòse responsablite nan biwo santral la. Madam Skipper te di li t ap anplwaye yon sistèm kominikasyon pi pwofon pou ranfòse moral epi pote estabilite ki nesè nan distri a. Li te pale sou rekiperasyon pandemi epi li te di li menm ak ekip li a t ap kòmanse konsantre sou fè kèk bagay byen olye l fè anpil bagay pasyèlman.

Madam Lopera te mande Mesye Skipper pou l pataje eksperyans li ak edikasyon altènatif ak fason li t ap ranfòse pwogram distri a pou kounye a. Madam Skipper te di distri a dwe gen yon pwogram delibere pou elèv lekòl segondè ki nan move wout yo. Li te di li t ap ranfòse sant angajman an, bay pwogram kreyatif, epi konsidere ajoute yon 13yèm ane pou bay elèv yo fòmasyon nan inivèsite. Li te pale sou eksperyans li nan Somerville ki bay elèv yo bonjan sipò, lè l sèvi avèk ekip fonksyonèl yo epi egzamine done nivo elèv yo.

Madam Polanco Garcia te poze Madam Skipper kesyon sou apwòch li nan rekritman, lisans ak retansyon pwofesè ak anplwaye ki konpetan pou anseye nan omwen de lang, li mande l pou l site egzanp ki fè l jwenn siksè ak defi. Madam Skipper te pale sou enpòtans pou genyen pwofesè ak anplwaye ki pale plizyè lang. Li te raple eksperyans li te fè nan Somerville pou konstwi yon liy ki gen plizyè pwofesè epi bay pwofesè yo opòtinite a devlopman ak avansman pwofesyonèl.

Mesye Tran te mande Madam Skipper pou l bay lis twa premye pwojè li ta pral adrese nan premye twa mwa li antanke siveyan. Madam Skipper te di li t ap konsantre sou konstwi yon ekip ki gen divès talan, konstwi konfyans ak transparans ak kominote a epi ranfòse sistèm ak estrikti. Li te fè konnen tou li pare pou òganize yon seri reyinyon kominotè.

*Entèvyou Final Komite Lekòl Boston Pou Pòs Siveyan: Mari Skipper*

*Bruce C. Batiman Minisipal Bolling*

*23 Jen 2022*

Madam Robinson te li yon kesyon Mesye Cardet-Hernandez te mande Madam Skipper pou l dekri estrateji li pou ranfòse kilti lekòl la, konstwi e rekonstwi konfyans ak fanmi yo epi aji pi vit. Madam Skipper te pale sou enpòtans pou bay anplwaye yo fòmasyon ankò, pou sèvi ak pratik medyasyon epi pou ofri pwogram konsèy ki solid.

Madam Robinson li yon kesyon Madam Mercer pou mande Madam Skipper sou ki jan li t ap sipòte lidèchip elèv yo, espesyalman Konsèy Konsiltatif Elèv Boston (BSAC) ak ki etap li ta pran apre elèv yo te pwoteste oswa ap pwoteste. Madam Skipper te di li te travay an kolaborasyon avèk BSAC kòm siveyan lekòl segondè BPS epi li valorize vwa ajans elèv yo. Konsènan pwotestasyon, li mete aksan sou enpòtans pou asire sekirite elèv yo. Li te di, li ankouraje elèv yo fè rechèch ak konprann pwoblèm yo, soti epi antre pou maksimize aprantisaj nan klas la.

Mesye O'Neill mande Madam Skipper si li dakò pou distri a responsab pou asire siksè elèv yo pi lwen pase gradyasyon lekòl segondè ak sa li ta renmen chanje. Madam Skipper di distri a gen yon responsablite pou asire pèsistans inivèsite a. Li te pale sou enpòtans pou konstwi patenarya solid epi ede elèv yo navige nan pwosesis aplikasyon pou inivèsite ak èd finansye. Mesye O'Neill te mande Madam Skipper ki jan BPS kapab fè Madison Park Technical Vocational High School tounen yon bon modèl ak yon opsyon dezirab pou elèv yo. Madam Skipper rekòmande pou entwodwi edikasyon pwofesyonèl bay elèv yo pi bonè pou ensite enterè yo nan lekòl presegondè epi montre elèv yo ak fanmi yo opòtinite ki egziste yo. Li te mete aksan sou jan chak distri bezwen yon bon pwogram teknik pwofesyonèl ki gen ladan yon eleman akademik ki solid.

Mesye O'Neill mande Madam Skipper panse li sou lekòl kominotè santral yo. Madam Skipper te di elèv yo dwe satisfè bezwen esansyèl yo pou yo ka aprann. Li te di, distri a dwe satisfè bezwen sa yo epi apre sa akselere aprantisaj la pou tout elèv yo.

Madam Robinson te mande Madam Skipper ki jan li t ap kreye yon biwo santral ki bay bon kalite sipò ak sèvis nan lekòl yo pou rezilta elèv yo ka ekitab. Madam Skipper te pale sou enpòtans pou konstwi yon ekip solid epi pou gen komunikasyon ki efikas.

Madam Lopera te mande Madam Skipper panse li sou pratik distri a pou bay lekòl yo enskripsyon k ap diminye aterisaj yon fason ki lan. Madam Skipper te di tout moun ki gen enterè nan BPS yo dwe gen yon konpreyansyon ki pataje sou sa ki deklanche pou fèmti lekòl yo epi li fè konnen tou distri a dwe sipòte elèv ak fanmi ki touche atravè fizyon ak fèmti a.

Madam Robinson envite Madam Skipper pou l poze Komite a kesyon. Madam Skipper mande Komite ak kisa siksè siveyan yo chwazi a sanble nan premye ak twa ane yo. Doktè Alkins te di li ta renmen pwochen siveyan an pase premye ane yo ap koute kominote a pou konsantre sou siksè pou reyisit elèv nwa ak mawon, ELL yo ak etidyan edikasyon espesyal epi angaje l nan komunikasyon regilye ak komite a sa ka bay pwen kontwòl ki solid pou responsablite yo nan chemen y ap travèse a. Nan twa ane, Doktè Alkins te di li ta renmen wè siveyan an dirije pwogrè nan travay enstalasyon distri a.

*Entèvyou Final Komite Lekòl Boston Pou Pòs Siveyan: Mari Skipper*

*Bruce C. Batiman Minisipal Bolling*

*23 Jen 2022*

Mesye O'Neil te pale sou defi ak ensètitud lidèchip. Li te di li ta renmen wè pwochen siveyan an pase premye ane a konsantre sou estabilize distri a, bati konfyans ak transparans ak fanmi yo, abòde defi ki detaye yo nan revizyon DESE a ak finalize kontra Boston Teachers Union. Nan twa ane a, li ta renmen wè pwochen siveyan an dirije pwogrè akademik ak enstalasyon yo. Li te di, li enpòtan pou distri a demontre pwogrè yon fason pou plis fanmi ka achte nan distri a.

Madam Skipper te fè yon deklarasyon final, li te remèsye Komite a pou opòtinite yo te bay pou pòs Siveyan BPS la. Li te raple li te rekonekte ak yon ansyen elèv ki kounye a se yon manm pèsònèl nan yon vizit lekòl la te fè pi bonè nan jounen an, li te jwenn rekonpans pou sa.

## AJOUNE

Madam Robinson envite telespektatè yo pou yo aprann plis sou kandida yo epi gade anrejistreman tout diskisyon panèl yo nan [bostonpublicschools.org/supt-search](https://bostonpublicschools.org/supt-search). Nou ankouraje moun yo voye yon imèl bay komite a yon fason pou fè kòmantè yo atravè [superintendentsearch@bostonpublicschools.org](mailto:superintendentsearch@bostonpublicschools.org). Komite a pral vote sou chwa yon kandida final nan yon reyinyon adistans k ap fèt nan dat 29 jen a 5 p.m.

**Apwouve** - Ozanviwon 7:35 p.m. Komite a te apwouve an blòk, yon mosyon pou ranvwaye reyinyon an.

Ateste:



Elizabeth Sullivan  
Sekretè Egzekitif